# Global Storybooks

globalstorybooks.net

## Poul ak Annipye

Winny Asara
Magriet Brink
ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This work is licensed under a Creative Commons Attribution 3.0 International License.
https://creativecommons.org/licenses/by/3.0

# Poul ak Annipye

Winny Asara
Magriet Brink
ACE Haiti-University of Notre Dame USA

3

krèyol ayisyen ht

Poul ak Annipye te zanmi. Men yo te toujou nan konpetisyon yonn ak lòt. Yon jou yo deside jwe foutbòl pou wè kiyès ki pifò.

Yo ale sou teren foutbòl enpi yo kòmanse jwe. Poul la te rapid men Annipye te pi rapid toujou. Poul la choute boul la byen lwen men Annipye choute'l pi lwen toujou. Poul la kòmanse fache.

Yo deside ale nan penalite. Annipye te gadyen bi nan pwemye tou a. Poul la bay yon gòl. Koulyè a se Poul la ki gadyen bi an.



Depi jou sa a, poul ak annipye enmi.

Poul la tèlman touse ke Annipye sòti nan vant li. Manman Annipye ak pitit li ranpe al kache anba yon pyebwa.



Annipye choute boul la enpi li bay yon gòl. Annipye bay yon lòt gòl. Annipye kouri ak boul la nan pye’l enpi li bay yon twazyèm gòl. Nan total, Annipye bay senk gòl.

Poul la tèlman fache ke li pèdi. Li pa renmen pèdi. Annipye tonbe ri lè li wè zanmi li an fache.



Li kòmanse rann gaz, li krache, li ekstènye enpi li touse...touse... touse. Annipye te gen move gou!

Manman Annipye rele byen fò, “Sèvi ak pouvwa ou genyen an pitit mwen!”. Annipye yo gen pouvwa degaje move lodè ak move gou. Poul la kòmanse pa santi’l byen.



Poul lan te si tèlman fache ke li louvri bèk li li pou’l vale Annipye.

Pandan poul lan tap mache pou ale lakay li, li kwaze ak manman Annipye. Manman an mande li “Ou pa wè pitit mwen an?” Poul la pa reponn anyen. Manman Annipye vin sispèk yon bagay.



Se konsa, manman Annipye tande yon ti vwa kap di. “Ede’m manman!”. Manman an vire tèt li tout bò pou’l tande kote vwa sa a te sòti. Vwa a te soti anndan vant poul la.